



Pou Piblikasyon Imedya: 08/26/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AVÈTI ETIDYAN KOLÈJ NEW YORK YO SOU DANJE KI GENYEN NAN ACHE FO DOKIMAN IDANTIFIKASYON SOU ENTÈNÈT

Achte fo idantite non sèlman ilegal, men li ka kondwi a vòl idantite

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te pibliye yon avètisman pou etidyan kolèj yo kap retounen nan trimès otòn lan kap achte fo idantite li non sèlman ilegal, men lap ogmante chans pou yo vin viktim fwod idantite. Nan resan ane yo, investigatè yo nan Depatman Motè Veyikil Eta New York te jwenn plizyè douzèn detantè lisans ki anba laj vin viktim vòl idantite apre yo te fin achte idantifikasyon fwod sou entènèt nan men konpayi etranje yo.

“Efè tranchan vòl idantite ka dire pou anpil ane e plis etidyan kolèj yo ap rantre tèt yo nan fwod lè yap eseye achte yon fo idantite sou entènèt,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mesaj nou an senp: Li senpleman pa vo lapenn -- alafwa pou konsekans imedyat pou yo jwenn ou avèk yon fo idantite epi paske ou mete avni finansye w a risk.”

Itilize sèlman yon non viktim, adrès, nimewo sekirite sosyal, ak dat nesans, kriminel yo kapab a plizyè repriz ouvè nouvo liy kredi, pran lajan labank ak sou kont retrèt, jwenn yon travay, ranpli deklarasyon taks, e menm ale lakay doktè, fè li vin difisil pou yon viktim rekipere pwòp dosye, non ak lavi l.

Daprè Komisyon Komès Federal 2014 [Consumer Sentinel Network Data Book](#), 18 pousan nan viktim vòl idantite te gen ant laj 20 a 29; apeprè sis pousan nan viktim yo te gen laj 19 ane oswa pi piti. Gwoup laj sa yo gen mwens chans pou kontwòle kont labank ak aktivite kat kredi, peye pou sèvis kontwòle vòl idantite, epi itilize diskreyon lè yap pataje enfòmasyon sou medya sosyal, fè yo vin pi siseptib pou idantifye vòl la pase nenpòt lòt gwoup laj.

Komisyonè Egzekitif Adwjen Depatman Motè Veyikil Eta New York Terri Egan te deklare, “Li pi danjere kounye a pase anvan pou achte yon fo idantite e konsekans yo kapab grav. Se pa sèlman posibilite pou pèdi yon lisans, men se pèt tout yon idantite ki andanje— yon idantite ki kapab kounye a sikile toupatou nan mond lan. Achte yon fo idantite sou entènèt, nan men fabrikasyon Etazini yo ansanm avèk aletranje, senpleman pou achte alkòl ilegalman jiskaske yo gen laj 21 lane, ka mennen etidyan yo nan pwoblèm pou tout lavi.”

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, “Li esansyèl ke etidyan yo okouran de risk ke yap pran lè yap itilize yon fo idantite, e danje yo vini menm pi frekan avèk echanj enfòmasyon oto-idantifikasyon sou entènèt. Sou kanpis yo nan Eta New York, nou pral kontinye ankouraje tout etidyan SUNY yo pou yo pa achte epi itilize pwodui sa yo nan fason pou kenbe idantite yo ansekirite.”

Grasa aksyon lapolis sible avèk yon varyete antite lapolis, Depatman Motè Veyikil Eta New York te arete plizyè santèn moun ki anba laj 21 ane pou posasyon fo dokiman chak ane. Plizyè douzèn nan moun sa yo te rapòte ke yo te viktim vòl idantite. Nan yon konsè ane pase, envestigatè Depatman Motè Veyikil yo te arete 15 moun paske yo te posede fo idantite e twa ladan yo te rapòte apre ke yo te vòlè idantite yo. Envestigatè yo te rapòte ke malonèt yo te jwenn kopi kat sekirite sosyal, batistè, ak kat kredi, anasanm avèk achte fo lisans grasa enfòmasyon ke yo te soumèt sou entènèt.

Pifò nan moun ke yo te arete yo pou fwod lisans chofè oswa achte dokiman sa yo sou entènèt nan men konpayi aletranje yo. Pou plis pase yon deseni, Depatman Motè Veyikil ansanm avèk patnè li yo nan ajans federal ranfòsman lwa eta te travay asanm pou diminye sou malonèt yo nan idantifye sous yo epi mete fen nan operasyon yo, enkli, pi resamman, ID chèf sitwèb la. Depatman Motè Veyikil kontinye ap travay avèk Depatman Sekirite Enteryè Etazini pou fèmen operasyon anpil konpayi yo ki te eseye depi lè sa pou konble vid sa.

Depatman Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York ofri konsèy sou fason pou reponn lè yo konpwomèt idantite w oswa kont finansye ou. Anplis, Pwogram Prevansyon ak Rediksyon Vòl Idantite a bay [enfòmasyon ak resous](#) pou ede Nouyòkè yo redwi sou risk vòl idantite, enkli konsèy sou prezève enfòmasyon pèsònèl, itilize òdinatè avèk prekosyon, ak revize avèk atansyon rapò kredi ak fakti pou presizyon.

Avètisman konsomatè sa a vini apre anons 19 out Gouvènè Cuomo sou yon kolaborasyon ant Depatman Motè Veyikil ak New York State Liquor Authority pou edike pwopriyetè ba yo, ak anplwaye etablisman ki gen lisans yo osijè nouvo karakteristik sekirite enkli sou lisans chofè yo, pèmi ak kat idantite ke eta emèt. Wap jwenn Bwochi ki montre karakteristik sekirite sou nouvo kat idantite yo [la](#). Wap jwenn anons konplè Gouvènè a [la](#).

Vòl idantite alatèt kategori plent Komisyon Federal Komès pou [15^{yèm} ane youn dèyè lòt nan 2014](#). Yo te anrejistre preske 16,000 plent ki gen rapò a vòl idantite pami tout gwoup laj yo ane pase nan Eta New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418